

## Lalwa Entèdi Fè Diskriminasyon

Pottstown Hospital respekte lwa Federal sou dwa sivil aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon poutèt ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen sèks (annakò avèk domèn diskriminasyon seksyèl ki dekri nan 45 CFR § 92.101(a)(2)). Pottstown Hospital pa rejte moun ni li pa trete yo yon fason mwens favorab poutèt ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks.

Pottstown Hospital:

- Bay moun ki gen andikap modifikasyon rezonab ansanm ak èd e sèvis siplemantè apwopriye gratis pou yo ka kominike byen avèk nou, tankou:
  - Entèprèt kalifye pou langaj siy
  - Enfòmasyon alekri nan lòt fòma (gwo lèt, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma).
- Ofri sèvis èd lang gratis pou moun lang prensipal yo pa Anglè, ki ka gen ladan:
  - Entèprèt kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen modifikasyon rezonab, èd ak sèvis siplemantè ki apwopriye, oswa sèvis èd pou lang, kontakte Risk Manager/Civil Rights Coordinator.

Si w panse Pottstown Hospital pa te ba ou sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, peyi kote ou soti, laj, andikap oswa sèks, ou gendwa fè yon doleyans bò kote: Risk Manager/Civil Rights Coordinator, 1600 East High Street Pottstown PA 19464, 1-610-327-7697, TYY number 1-610-327-2028, fax- 1-610-327-7432,

[PottstownPARiskManager@towerhealth.org](mailto:PottstownPARiskManager@towerhealth.org) . Ou ka fè yon doleyans an pèsòn, oswa nan lèt pa

lapòs, faks, oswa nan imèl. Si w bezwen èd pou prezante yon doleyans, Risk Manager/Civil Rights Coordinator disponib pou ede w.

Ou kapab depoze yon plent pou dwa sivil tou ak mwayen elektwonik nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, nan Pòtay Biwo pou Dwa Sivil la gen sou Entènèt pou pote Plent, ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa nan lèt pa lapòs osinon pa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue, SW

Room 509F, HHH Building

Washington, D.C. 20201

1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Fòm pou pote plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.